ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№46 (22.954) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэныгъэ демографие политикэмкІэ щыІэ советым и деж ведомствэхэм зэдайуэ лъэпкъ проект пэрытхэмкІэ къыщыІэзэгъэпэщ лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэщтэн мы Указым щІыгъуэху:
«Урысейм и щІыхуэхм - тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъырабгъуэхр» лъэпкъ проект пэрытымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр;
«Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» лъэпкъ проект пэрытымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр;
«Узыншагъэ» лъэпкъ проект пэрытымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр;
«ЕГъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытымкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр.
2. Къару имыІэжу къэпытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэмкІэ щыІэ советым и деж ведомствэхэм зэдайуэ лъэпкъ проект пэрытхэмкІэ къыщыІэзэгъэпэщ лэжьакІуэ гупхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щІышыпэм и 22-м къыдигъэкІа Указ №22-УГ-м и пункт 2-м.
3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№22-УГ

Указым и гуэдзэнхэр 2-нэ нап. тетщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм щылэжьэфынуэр зэрагъэбеледжылым теухуа Положенэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъум и Іуэхукіэ» 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м къащта Федеральнэ закон №79-ФЗ-м и 64-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и Іуэхукіэ» 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м и 28-нэ статьям якъ иткІэ, **унафэ сощІ**:
1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм щылэжьэфынуэр зэрагъэбелджылым теухуауэ мы Указым щІыгъу Положенэр къэщтэн.
2. Къэрал къулыкъур зэгъэуІунымкІэ республикэм и уполномоченнэ къэрал орган къызэрагъэпэщыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм щылэжьэфынуэр гъэбеледжылымкІэ къалэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и пщэ илъхьэн.
3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ махуипщІ дэкІа нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 21-м
№28-УГ

● КъБР-м и Парламентым



Щыналъэхэм я зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэнущ

Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмкіэ, хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетым и жэрдэмкіэ иджыблагъэ ирагъэкіуэкіащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, щыІпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органхэм я лэжьакІуэхэр, КъБР-м сату-экономикэ Іуэхуэхмкіэ и лІыкІуэхэр, республикэм и сату-промышленнэ палатэм и Іэщіагъэлізкэр, КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щіалэгъуалэ палатэм хэтхэр къызрихьэлІа зэІущІэшхуэ. Абы щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэгъуэщІ щыналъэхэм яхуиІэ экономикэ пыщІэныгъэхэм зегъэужьыным.

ЗэІУЩІЭР къыщызэІуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къуэдзэ **Бозий Натбий** зэрыжиІамкІэ, Урысей Федерацэм и адрей щыналъэхэм экономикэм и Іэнатіэм щадэлэжьэныр КъБР-м и унафэщІхэм республикэм и инвестицэ зэфІэкІхэр къэгъэсэбэпыныжьмкІэ Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ. Апхуэдэ лэжьыгъэм республикэр тэмэму хэтыныжьмкІэ Іэмал program къызэрагъэпэщмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и щытыкІэм фІыкІэ зихъуэжьнущ икІи щІэупщІэ зиІэ продукцэу къыщІигъэкІым нэрылъагъуу хэхъуэнущ.

Нахъ зэпкърыхауэ а Іуэхум тепсэлъыхьащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм нэгъуэщІ щыналъэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и департаментым и унафэщІ **Елдышев Андрей**. Абы къигъэлъэгуащ республикэм зэгурыІуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр Урысей Федерацэм и субъекту 23-м зэрарищІылар. Экономикэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ дэ тэмэму дадолажьэ Урысейм и федеральнэ округыгу 6-м хиубыдэ щыналъэхэм. Абыхэм ящыщщ Москва, Санкт-Петербург, Тэтэрстан, Башкортостан республикэхэр, Волгоград, Самарэ, Нижегородскэ областхэр, Красноярск, Ставрополь крайхэр. 2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щІэуэ Іэ традзэжащ Москва къалэмрэ ди республикэмрэ я зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теуха зэгурыІуэныгъэм.

ЩІыналъэхэм иращІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэхэм тету лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ экономикэм, сатум, щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ, спортымрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ, уэныщагъэ хъумэнымрэ турист-курорт Іуэхумрэ яхуэгъэзауэ. ЗэгурыІуэныгъэхэр гъэзэщІэным теухуауэ лэжьакІуэ гупхэр къызэрагъэпэщ, Іуэху пыУхыкІахэм ятещІыхьауэ делегацэхэр зэкІэлъокІуэ.

Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сату-экономикэ Іуэхуэхмкіэ и Іуэхущіапіэу 12 щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щолажьэ. 2014 гъэм кърикІуахэм ятещІыхьымэ, КъБР-м и апхуэдэ лІыкІуэ Іуэхущіапіэу УФ-м и щыналъэхэм щыІэхэм къызэрагъэпэща сатур сом зы мелардрэ меluан 364-м щІегъу.

Елдышев Андрей къыхигъэщхьэхуэкІащ щыналъэхэм даззэрыпыщІар егъэфІэкІуэным и лъэныкъуэкІэ КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм и зэфІэкІхэр нэсу къэзгъэсэбэпа зэрымыхъур. Ар нэсу Іуэхум къыхьыхьэмэ, къэралым и рынокым КъБР-м и предприятэхэм щаІыгъ уВпІэр нэрылъагъуу къыхуэІэтынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Іуэху щхьэпэ

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я еджапІэ

«Зыужьыныгъэ» псапащІэ фондымрэ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэмрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІащ «НКО-м и школ-2015» проектыр утыку къыщІрахьа зэІущІэ. Абы къаригъэблэгъащ мылъку къеГэзэщІныным емыпха зэгухьэныгъэу республикэм щыІэхэр. «Зыужьныгъэ» фондым игъэхьэзыра «НКО-м и школ-2015»-м мылъку къеГэзэщІныным емыпха Іуэхущіапіэхэм щылажьэхэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэнущ.

«ЗЫУЖЬЫНЫГЪЭ» фондым и Іуэхущіафэхэр къызэхэщ видеослайдхэр къагъэлъэгъуа нэужь, абы и унафэщІ **КІыщыкъуэ Иринэ** тепсэлъыхьащ я Іуэхущіапіэр зэлъжьхэм, апхуэдэуи ягъэхьэзыра проектым ехьэлІауэ яІэ мурадхэм.

«Зыужьныгъэ» псапащІэ фондыр мэлажьэ 2006 гъэ лъандэрэ. Абы и къалэнхэм хеубыдэ мылъку къеГэзэщІныным пымыщІауэ КъБР-м щыІэ зэгухьэныгъэхэм чэнджэщкІэ ядэлэпкъэныр, волонтерхэм ядэлэжьэныр, лей зытехьэ сабийхэм къащхьэщыжныр, псапэ зыпылъ Іуэхуэхэр къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщІхэри. Псапащіэ фондыр ядолажьэ къэрал Іуэхущіапіэхэм, къапщтэмэ, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэм.

- Іуэху зэфІэдгъэкІхэм къадэкІуэу, дэ дохэхъэзыр психологхэр, социальнэ лэжьакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьакІуэхэр. КъБР-м щыІэ МВД-м, УФСИН-м, республикэм и школхэм дадолажьэ. Си гугъэщ нобэ едгъажьэ Іуэхури сэбэп хъуну, - жиІащ абы. КъызэрыхигъэщамкІи, мыбы щеджэну гупыж зыщІ дэтхэнэми езыр зыхуей ынтІыныгъэр къыхихыну Іэмал игъэтынущ. Абыхэм дерсхэр драгъэкІуэкІынущ щІэныгъэлІхэм. 2015 гъэм и дыгъэгъазэ мазэ щІондэ школым игъэхьэзырын хуейщ зэгухьэныгъэ 60-м я лІыкІуэу 200-м нэблагъэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къэралитіым я унафэщІхэр зэпсалъэ

УФ-мрэ Къыргъызстанымрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Атамбаев Алмазбекрэ Санкт-Петербург пэмыжьыжьэу щыІэ Константиновскэ уардэуэнэ щыізэхуэзащ. Мы гъэр къызэрихьэрэ ахэр иджы етІуанэрэ зэІуощІэ.

Къэралитіым я унафэщІхэр куэдым тепсэлъыхьащ, ауэ нэхъыщхьэр щыналъэхэм я зэхущытыкІэхэм, сату-экономикэ, щэнхабзэ-гуманитарнэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьынырщ, апхуэдэуи энергетикэ Іэнатіэм щызэдэлэжьэнырщ. А псори къызэщІаубыдэ Къыргъызстанрэ Евразие экономикэ зэгухьэныгъэм (ЕАЭС) къыхьэным пыщІа Іуэхуэхэм.

«Иджыпсту нэхъыщхьэр Къыргъызстаным и экономикэр Урысейм, Къэзахъстаным, Белоруссием я экономикэхэм быдзу къапыщІауэ щытынырщ. А псори пхузэфІэгъэкІын Іуэхущ икІи нэхъ псынщІэу зэдгъэхьулІэну нэхъыфІщ», - жиІащ Путин Владимир.

ЕАЭС зэгухьэныгъэм лэжьэн щІидзащ мы гъэм и щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ. Абы хохьэ Урысей Федерацэр, Белоруссиер, Къэзахъстаныр, Армениер. Атамбаевыр мэгугъэ и къэралри а зэгухьэныгъэм хыхьэным пыщІа дэфтэр псори накъыгъэм и пэ къихуэу зэфІэкІынэну.

Гуэзвэгъуэ хэхуахэм зыщІагъэкъуэн мурадкІэ

Вануату Республикэр вэсэмахуэ зэтрикъутащ жьышхуэмрэ абы кърихуэжьа псыдзэмрэ. Жьым зы сыхьэтым километр 340-рэ икІурт. хьм и толькунхэм метрийм щІигъукІэ зыкъаІэтырт.

Хы Щэхум хэт а къэрал цыкІур щІым щыщ ищІащ «Пэм» зыфІаща гъуэжькуийм икІи ар щІэрыщІэу яухуэжьын хуей хъунущ. Мылъкушхуэ яхэщІам и мызакъуэу, кхъыкъкащІэ шынагъуэм щІыху куэд хэкІуэдащ. Иджыпсту абыхэм я бжыгъэр зэхагъэкІ.

А къэралым и президент Балдвин Лонсдейл дунейм и къэралхэм захуигъэзащ къадэІэпыкъуну. А лъэІум пэджэжащ псапащІэ Іуэхущіапіэ куэд. Гуэзвэгъуэ хэхуахэм зыщІагъэкъуэн папщІэ Вануатум кІуэну хьэзыр щыхуэхэри зэрыщІым теухуа хьыбархэр зэбграгъэхащ къэрал зыбжанэм.



♦Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ
♦1770 гъэм Ингушетиер Урысей къэралыгъуэм хыхьащ.
♦1805 гъэм **Дельпоццо Иван** Къэбэрдейм и пристав нэхъыщхьэу къагъэкІуащ.
♦1918 гъэм кІыхьІуахащ Тэрч щІыналъэм ис лъэпкъхэм я II съездыр.
♦1960 гъэм Инджылызым и банкым къыдигъэкІащ къэралым и пащтыхь гуащэм и сурэтыр зытет, зы фунт стерлинг хъу ахъшэр.
♦Израилым зи мычэзу парламент хэхьныгъэхэр щокІуэкІ.
♦Адыгэ Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ **Дыгъужь Мыхьмуд** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Утыкум итщ къуажэ, къалэ куэдым щыщ адыгэ щІалэгъуалэр. Абыхэм я пащхьэ къыщопсалъэ Балэ Людмилэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Махуэ лъапІэхэр

«Дыззэгъусэщ»

Гъатхэпэм и 18-м Налшык, Абхъазым и утым, щекІуэкІынущ Кърымыр Урысейм къызэрыгъхьэжрэ илъэс зэрырикъум теухуа «Дыззэгъусэщ» гуфІэгъуэ концертыр. Апхуэдэ гуфІэгъуэ зэхьихьэхэр щекІуэкІынущ УФ-м и къалэ псоми.

Концертым щІидзэнущ Урысей Федерацэм и Гимнымкіэ. Абы къыщыпсэлъэнущ жылагъуэ, политикэ лэжьакІуэхэр. Іуэхур ягъэдэхэнущ уэрэджыІакІуэхэм, къэфакІуэхэм.

ЩыщІидзэнур сыхьэт 17-рщ.

● Щэнхабзэ

Къамылапщэхэм я зэхьихьэшхуэ

Къамылым къыхэщІыкІа адыгэ цІыхубэ макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэхэм я япэ щыналъэ фестиваль мы махуэхэм йокІуэкІ.

ІУЭХУ дахэр къызэрагъэпэщащ Адыгэ Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ «Жьыу» Іуэрыіуатэ ансамблымрэ, Адыгэ Республикэм цІыхубэ щэнхабзэмкіэ и Іуэхущіапіэр, АР-м гуэзаджэхэмкіэ и сабий школу ЛІыцІэрыкъуэ Ким и цІэр зэзыхьэр, Адыгэ къэрал университетым адыгэбзэр щрагъэдж и центрыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэ-методикэ республикэ Іуэхущіапіэр, «Ored Recordings» (Къэбэрдей-Балъкъэр) гупыр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цІыхубэ щэнхабзэ центрыр, Черкесск къалэм щэрджэс щэнхабзэмкіэ и «ХьэщІэщ» клубыр я дзэпыкъуэгъуэу.

Фестивалыр къызэзыгъэпэща комитетым и унафэщІщ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкіэ и министр Къул Мухьэмэд, абы и къуэдзэхэщ «Жьыу» ансамблым и художественнэ унафэщІ Гъукіэ Замудинрэ гуэзаджэ щІэныгъэхэм я кандидат, ГъуэзаджэхэмкІэ сабий школым и унафэщІ Анзорыкъуэ Марзиетрэ.

Къамылапщэхэм я зэхьихьэхэр махуищкІэ екІуэкІынущ. Ар дыгуасэ Мейкъуапэ (Адыгэ Республикэ) щаублащ. Іуэхум нобэ щыпащэ Налшык, гъатхэпэм и 18-м Черкесск къалэр къыпоплъэ.

Фщіэн папщІэ: зи гугъу тщІы концертыр нобэ, гъатхэпэм и 17-м, Налшык Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекІуэкІынущ, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щІидзэжу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Адыгэ тхыбзэм и махуэм и щІыхькІэ

Лъэпкъ зыужьыныгъэм хуолажьэ

Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щэбэт кІуам гуфІэгъуэ зэхьихьэ ин щекІуэкІащ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэща зэІущІэм щагъэлъэпІащ илъэс 15-м хъуауэ ди республикэм щекІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм жыджэру хэтауэ КъБР-м и щыналъэхэм, къалэхэм къикІа егъэджакІуэхэр. Іэщіагъэлізкэр, еджакІуэхэр.

ЗэІУЩІЭМ крихьэлІат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, зэпеуэм и жэрдэмщІакІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыщіэ Мухьэмэд**, сабий усакІуэ **Щоджэн Леонид**, ЩоджэнцІыкіу Алий и цІэр зэрихьэу щыІэ фондым и тхьэмадэ **ЩоджэнцІыкіу Леонид**, нэгъуэщІхэри.

Къыззохуэсахэм хъуэхъу дахэкІэ захуигъэзащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэгъэпса проектым жыджэру хэтахэм фІыщІэ яхуищІащ, абыхэм ящыщхэм ДАХ-м къыбгъэдэкІ щІыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм къикІуа гъуэгуанэ дахэм, абы зи щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ хэзылъхьахэм кІэщІу ятепсэлъыхьащ зэІущІэр къыззэзыгъэпэщахэу ХьэфІыщіэ Мухьэмэдрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ и министерствэм и лэжьакІуэ-эксперт Іэнатіэр ирихьэкІыу илъэс куэдкІэ зэпеуэр езыгъэкІуэкІа Балэ Людмилэрэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ къабгъэдэкІыу щыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмкіэ яхуэупсащ адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыным телажьэу а зэман кІыхьым къриубыдэу фестиваль-зэпеуэм нэхъ жыджэру хэта егъэджакІуэхэм, къэпщытакІуэхэм, еджакІуэ зэчиифІэхэм.

ГуфІэгъуэ пшыхьэр ягъэдэхащ, хьэщІэхэм я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м и артистхэм, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм, къэфакІуэ гупхэм.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и еджапІэ унэ №11-м и пэІущІэ пэшышхуэм гъатхэпэм и 18-м сыхьэти 10-м къыщызэІуах егъэджэныгъэмкіэ Іуэхутхьэбзэхэм я жармыкІэ. Курыт Іэщіагъэ щызрагъэгъуэт еджапІэу, еджапІэ нэхъыщхьэу 26-рэ хуэдиз зыхэтыну а зэхьихьэшхуэм утыку къыщІрахьэхэм щыгъуазэ зашІыфынущ Налшык къалэм и курыт еджапІэхэм я 9 - 11-нэ классхэм щІэсхэм ящыщу минитІым.

ЖАРМЫКІЭМ къекІуалІэхэм яІущІэну я мурадщ Кавказ Ищхъэрэм щыцІэрыІуэ еджапІэхэу Осетие Ищхъэрэм и къурш металлургие институтым, УФ-м и Президентым и деж цІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкіэ щыІэ академием и Іуэхущіапіэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэм, Пятигорск дэт медико-фармацевтикэ институтымрэ лингвистикэ университетымрэ, Іуэхутхьэбзэхэмкіэ, туризмэмкіэ, дизайнымкіэ институтым, Ростов областым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэм.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цыхухэр Іэнатіэмкіэ къызэрэпэщыныжьмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Егъэджэныгъэм и Іуэхутхьэбзэхэм я жармыкІэ

Фэ пщІынумэ, лы зытелъхьэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ корпупэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр зэдгъэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ къыщытащ

«Урысейм и цIыхухэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ еэзгъыбгъухэр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм ХЭТХЭР

Алытуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Iэпщэ З. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хьарычэт IэужымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Ахъуэхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Тутыкъу М. Хь. - «Урысейм и ХьуманIэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iэхуэщ1апIэ №8631-м и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Швачий Т. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ къыщытащ

«Узыншагъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм ХЭТХЭР

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хьумэныжкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хьумэныжкIэ и министрым и къуэдзэр

Ацкъан Р. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании зэмыIэ фондым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Бгъэжьнокъуэ З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хьумэныжкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщIыр

Боттаев Хь. Б. - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №2» узыншагъэр хьумэныжкIэ къэрал бюджет Iэхуэщ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуауэ)*

Калабеков А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Куэщей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Мэхъуауэ Э. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хьумэныжкIэ и министерствэм программэ, проект хэхахэр зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщIэныжкIэ и къудамэм и унафэщIыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Романовэ Е. В. - къэрал Iэхуэщ1апIэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страховании и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Щэрдан Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хьумэныжкIэ и министерствэм и «Кардиологие центр» узыншагъэр хьумэныжкIэ къэрал бюджет Iэхуэщ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ къыщытащ

«Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм ХЭТХЭР

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Бэждыгъу Т. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хьарычэт Iэхуэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныбмкIэ, лэжьыгъэкIэ зэпеуэнымкIэ и департаментым и унафэщIыр

Бердюжэ В. И. - «Лениншы» мэкъумэш кооперативым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуауэ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Мокаев К. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныбмкIэ, щIы IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

НэкIащэ А. М. - «Урысей мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхуэщ1апIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Нэхущ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Сидорук Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Сыжажэ Хь. Л. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ къыщытащ

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм ХЭТХЭР

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэухухэмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Азычэ С. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бабаевэ А. Ш. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и администрацэм къэрал кIуныкъым, кадрхэм, коррупцэм пэщIэтыным и IэухухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Байчекуевэ Н. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iэхуэщ1апIэм и педагогическэ колледжым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жамборэ Р. Хь. - Налшык къалэм дэт «Гимназие №14» муниципальнэ бюджет еджапIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Индрокъуэ М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ IэнатlэмкIэ и къудамэм и унафэщIыр

Къэрэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iэхуэщ1апIэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Касьяновэ Т. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэухухэмкIэ и министерствэм сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыныбмкIэ и къудамэм и унафэщIыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Кладько И. Е. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Ульбашев И. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Уянаев К. Хь.-М. Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щIыналъэхэм я зэпэщIэныгъэхэм зегъэубгъуфыным хэуэнтIауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ министрым и къуэдзэ **Биттиев Хьэким**. Къапщтэмэ, зэман Iэджэ льандэрэ хабзэ зэрыхъуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым гибрид нартыху зымыпапхъэхэмкIэ къызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и щIыналъэ куэд. Апхуэдэ жылапхъэу нэгъабэ тоник мин 10 кърахьэлIати, абы щыщу тоник мин 2,3-р республикэм и мэкъумэшыщIэхэм ящхьащ, адрейр къэралым и щIыналъэ куэдым яшащ.

Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым джэдыгу езым хурикъунэм нэхърэ нэхъыбэ къелэжьыф. 2014 гъэм КЪБР-м джэдыгу тоник мин 51,2-рэ, республикэм исхэр зыхуеинум нэхърэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэ, хъыщIалэжьащ. ДяпэкIэ ди мэкъумэшыщIэхэм куэд зэфIагъэкIыныр къэралым нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщицэху продукцэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ. Абы хеубыдэ джэдкъазыр гъэхъуныбмкIэ Iэнатlэр.

ЗэкIэ ди деж нэхъ къыщыкIэрыхур быламылыр хъэлэжьыныр. Ауэ 2015 гъэм абы нэрылъагъуу хагъэхъуэну я мурадщ. Абы папщIэ ягъэбгъуэнуш I лышхуэ зытезылъхьэ Iэщыр икIи абы и хьэкъкIэ быламылыу къалэжьыр тонн мини 101-м нагъэсынущ.

2014 гъэм ди республикэм и Iэухуэщ1апIэхэм пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэжкI консерв зэмылIэужьыгъуэу условиэ банкI мелуан 200-м щигъу къыщIа-гъэкIащ икIи абы щыщу банкI мелуани 180-рэ хуэдиз Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэшащ.

ЗэIущIэм хэтахэр доклад зыщIахэм Iэужгъуэ куэдкIэ еупщIащ. КЪР-м и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хьарычэт IэухумкIэ и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** къыхигъэщащ КЪР-м сату-экономикэ IэухухэмкIэ и лыкIуэ щхьэхуэхэр зыпэрыт Iэнатlэм зэремыгугъущэр икIи абы и льэныкъуэкIэ зэфIагъэкIыну я мурадхэм щIэупщIащ.

Елдышев Андрей абыкIэ акъылэгъу хъуащ. Абы зэрыщIамкIэ, языныкъуэ лIыкIуэхэр езыхэр зэгъэбыдыпIа щIыналъэхэм ильэс зыбжанэ хъуауэ ядэлажьэркъым, абы къыхэкIыу КЪР-м сату-экономикэ IэухухэмкIэ и лIыкIуэм и статусыр ящхьэщыхьи хуеиц. А Iуэхум мыгъэу тепсэлъыхьыну я мурадщ.

КЪР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Бозий Натбий** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыщIагъэкI консервхэм ипэжыпIэкIэ фIагъэшхуэу зэраIэр, ахэр щэным нэхъри егугъупхъэу къызэрыльытэр.

- Мы гъэми, - къыхигъэщхьэхуIащ КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэ **Биттиев Хьэким**, - ди предприятхэм консерв продукцэу ящIар мащIэкъым. Абыхэм я пIэщагъыр процент 60 - 70 хуэдизкIэ къаугъэсэбэпащ, апхуэдизу щыщIткIэ, фIэIугъэу ягъэхьэзырыр нэхъри нэхъыбэ зэращIынум егупсысын хуейщ. Предприятхэм ящыщу жьы хъуахэр, технологие и льныкъуэкIэ къыкIэрыхуахэр мащIэкъым. Ахэр къэпсащIэрэщIэжьын икIи пхъащхьэмыщхьэ, хадзэжкI продукцэм рыноким хуэрагащэ увыпIэ щегъэубыдыжьын хуейщ. ЗэкIэ дэ абы и лъэныкъуэкIэ Урысей Илпщэм етIуанэ увыпIэр щытIыгъащ. Ауэ апхуэдизу продукцэр щэныбмкIэ иджыпсту гугъуехь лъэпкъ щыIэкъым.

ПсалъэмакIым пищащ КЪР-м сату-экономикэ IэухухэмкIэ и лыкIуэ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщ щыIэ **Щэуей Альберт**. Абы къызэрилытэмкIэ, къэралым и щIыналъэхэм яхудиIэ экономикэ пыщIэныгъэхэм зегъэужьыныр къэзыпIахъэ Iэухухэр зэхэгъэкIыныбмкIэ икIи ахэр къызэнэкIыным и хэкIыпIэхэр убзыхунымкIэ.

ЗэIущIэм щыжаIахэм япкъ иткIэ зыхуэфащэ Iэнатlэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр къащтащ.

КЪР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ЩIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэнущ

Къахуигъэщ1ам хуэдэу

щIыхь тхыльхэр. Илъэситху хъуауэ Iэухущ1апIэм и профсоюз зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэщ.

КадрхэмкIэ къудамэм и инспекторыр Къуат Свитланэ къыхухагъэфащащ «Урысейм и профсоюзхэр илъэси 100 ирокъу» медалымрэ профсоюзхэм я рескомым и ЩIыхь тхыльрэ. Ар мы Iэнатlэм пэрытщ 1993 гъэ льандэрэ.

Электромонтер Алексеевэ Надежди щытхъушхэр иIащ. Абы Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и ЩIыхь тхыльыр къыхуагъэфащащ, 1995 гъэ льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ.

Кассир нэхъыжь ГъукIэпщ Маритэ Iэхуущ1апIэм нэхъ пасэу зэхуэхэм ящыщщ. Абы КЪР-м и ПарламентымкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхыльрэ «Урысей трамвайр илъэси 100 ирокъу» бгъэхэIу дамыгъэрэ къыхуагъэфащащ.

Диспетчер Бищо Тамарэ и къалэн мытыншыр дэгъуэу зрехьэкIыным и накъыгъэм къыщыщIэдзауэ. Абы папщIэ КЪР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумыр, КПСС-м и къалэ комитетыр, Автомобиль транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмрэ я лэжьакIуэхэм я урысейпсо профсоюзым и комитет нэхъыщхьэр щIыхь тхылъхэмкIэ къыхуэупсащ.

Диспетчерхэу Киселевэ Екатеринэрэ Скачковэ Татьянэрэ щIэныгъэ хуащ гудзакъэ яхэлъу икIи хэлэлу зэрылажьэмкIэ.

Рейсым техьэнухэм я щытыкIэр къэзэпщытэ Мизиевэ Зое ткIийщ. Арыншауи и лэжьыгъэм къезэгъныкъым.

Троллейбусыр транспорт хьэлъэщ, цIыхубзым дежкIэ мы лэжьыгъэр гуГъущ, цIыху щIыкIэнщэхэр къащыхуилъ щIыIэщ, ауэ зи гугъу тщIэхэм ящыщу зыри хуейкъым и Iэщ1агъэр ихъэжьыну.

«Дэ фIыуэ дольагъу ди лэжьыгъэр. Гугъуехьхэм даууэним, фIыр нэхъыбэщ. Дрогушхуэ гуп зэкъуэт дызэрыхэтми. Пщэдджыжьым жьыуэ гъуэгу дытохьэ, цIыхухэр къызэрытпэлъэр тщIэуэ. Iэужу яIащ, псори мэпIащIэ, абыхэм щIэгъэкъуэн дазэрыхэхъуэ гуапэщ. Ди улахэрэ цIыкIуэхыми, ари хъарзынэщ», - жеIэ Мусаевэ Ларисэ.

Iэужущ1апIэм и унафэщI Балаев Тlэхьир къелъытэ цIыхубзхэр троллейбус зегъэкIуэныжкIэ езыхэм я лэжьагъу цIыхухъуэхэм куэдкIэ ефIэкIыу. «Сэ мыбы и унафэщI сызэрыхъурэ сольагъу цIыхубзхэр лэжьыгъэм нэхъ зэрегугъур. Абыхэм укъагъэщIэхъунукъым. Дэ джы цIыху куэд къоклуэ. Лэжьыгъэм зыхуагъасэ, ауэ къытхэнэр а лэжьыгъэм гурэ псэкIэ дихьэхэрщ», - къыджиIащ Балаевым.

ПЕЧЁНОВ Владилен.

● Шэрэдж щIыналъэ

Хабзэхэм уебакъуэ хъунукъым

Терроризмэм, дин экстремизмэм егъэщIыIа щIэпхъаджагъэхэр къамыгъэхъун, щIалэгъуалэм хэкур фIыуэ яIагъуу гъэсэн, щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щагъэбыдэн мурадкIэ, Шэрэдж районым и прокуратурэм, щIыпIэ администрацэм, хабзэхъуэм Iэухущ1апIэхэм я лIыкIуэхэри хэту, къуажэхэм зэIущIэхэр щрегъэкIуэкI. Апхуэдэ зэхъыхьэхэр щыIащ Безенги, Зэрэгъыж, Балъкъэр Илпщэ, Къарэ-Су жылагъуэхэм. Абыхэм щытепсэлъыхьащ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуэхэм. Къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ экстремист, террорист нэщэнэ зиIэ щIэпхъаджагъэхэр зэхэзыщIыхьахэм, хабзэншагъэкIэ Iэщэкlэ зэщIэуэзэда гупхэм ядэIэпыкъуэхэм яхьыну жэуапыр зыхуэдэр.

Районым и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм жэуап иратащ щIыуэхэр зыщIэупщIа псоми.

Мыпхуэдэ эIуущIэхэр мы мазэм адрей къуажэхэми щрагъэкIуэкIынущ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Дахагъэ

Радиом и лэжьыгъэм зыщагъэгъуазэ

● Гъуэгу къежьапIэ

Журналист ныбжьыщIэхэм папщIэ «Акулы пера» дерсхэр йокIуэкI. Абы къекIуалIэхэр Радиом и унэм щыIащ. Абыхэм зрагъэлъагуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и радиом и лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыр, ахэр епсэлъащ корреспондентхэм.

Хъыбархэр къэзыт Iэнатlэм и унафэщI Мэремкъуэ Ларисэрэ КЪР-м щIыхь зиIэ и журналист Бжэныкlэ Мухьэбрэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым радиор зэрызэфIэувам, абы зи гуащIэ хэзыльхьа щIыхухэм. Нобэ ар бжыгъэ жыпхъэм хуэкIуащ, махуэ къэс республикэм и къэрал бзищыкIэ хъыбарыщIэ, Iуэхугъэ щхьэхуэхэм теухуа, нэгузыжь, макъамэ нэтынкэр ягъэхьэзыр. РадиоприемникымкIэ и мызакъуэуи, а нэтынкэм ущедэIуэфынущ онлайну Интернетым, къишынэмыщIауэ, социальнэ сетхэм къыщызэрагъэпэща я напэкIуэцIхэм.

Журналист ныбжьыщIэхэм еплъащ радиом щыIэ техникэм, радионэтынкэр езыгъэтхэзм я лэжьакIэм кIэлъыплъащ.

- Сэ сызэрыцIыкIурэ щIыпIэ радиом содаIуэ. Абы и нэтынкэр езыгъэкIуэкIхэр нэхъ гъунэгъуу зэзгъэщIыхуну, я лэжьыгъэр зыхуэдэр къэсщIэну сфIэгъэщIагъэунт. Иджы сэ шэч кьытезмыкьэжу скужьыIанущ радиожурналист сыкъуну сызэрыхуейр, - ильэгуаР къызэрыщIхьамкIэ къыддэгъэшащ «Акулы пера» проектым хэт Хьэту Астемыр.

ЗэIущIэм и кIэм Мэремкъуэ Ларисэ журналист ныбжьыщIэхэм ехъэхъуащ ехъуIэныгъэ яIэну икIи щIалэгъуалэр къыхуриджащ фIыр я плъапIэу льагапIэщIэхэм зэрыхуэхIуэным хущIэкъуну.

КЪБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Ажалыр щащэр къэдвгъащIэ!»

Гъатхэпэм и 16 - 27-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI «Ажалыр щащэр къэдвгъащIэ!» Урысейпсо лэжьыгъэм и зи чэзу лъэхъэнэр. А зэманым Урысей Федерацэм Наркотикэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъныжкIэ и федеральнэ къулыкъущ1апIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм щыIэжьэнущ наркотикхэр зэрагъэхьэзырым, зэращэм, зэрахьумэм, зэрызрахьэлIэм теухуауэ фыздэпсалъэ хъуну телефонхэр. Апхуэдэу наркотикхэм ятхьэкъуэхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зыщIэупщIэхэм жэуап езытыну Iэщ1агъэлIхэр лэжьэнущ.

Ди телефонхэр: 8 (8662) 492-105, 8(800) 100 -7077

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КЪР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъэм и депутат **Мокаев Руслан Далхат** и къуэм хуогузавэ абы и адэ **Мокаев Далхат Хьэжмурат и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Анэдэлъхубзэм и къарур

● Зэхыхьэхэр

Истамбыл иджыблагъэ щекIуэкIащ Адыгэбзэ хасэмрэ Европэ къэрал зэгухьахэмрэ къызэрагъэпэща зэхуэс ин. Абы хэтащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Иорданием, Израилым, Голландием, Тыркум я къалэ куэдым щыщ щIэныгъэрылажьэхэр.

АБЫХЭМ ящыщщ Адыгэ Республикэм гуманитарнэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и тхьэмадэ, профессор Бырсыр Батырбий, Адыгей къэрал университетым и егъэджакIуэхэу, Тыркум и Дюздже къалэм дэт университетым адыгэбзэ къудамэ къыщызэзыгъэпэщхэу ХьэщIэмыз Мирэ, Дол Рузаннэ, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ, Тыркум и Къайсэр къалэм щыIэ Эрджиес университетым адыгэбзэ къудамэр къызэзыгъэпэщу щыIэ Абазэ Албэч, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэу УнэлIокъуэ Вячеслав, Къардэн Мусэдин, Чыл Маринэ, Дзэгъащтэ Азэмэт, телевиденэм и лэжьакIуэ Мыз Залинэ, Голландием щыщу Хьэткъуэ Фэтхьи-Рэджэб, Иорданием къикIа Жылокъуэ Камал, Хъуажь Мухьэмэд, Израилым и Кфар-Камэ къуажэм и тхьэмадэ Нэпсэу Зэчрей сымэ, нэгъуэщIхэри. Куэд щIауэ зэрымылъэгъуа зэныбжьэгъухэр зэрызэIуигъэщIам, бзэм игъэпIейтей зэIуэхуэгъухэр зэрызэригъэцIыхуам и закъуэми, мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхуи 150-м щIигъу къызрихьэлIа зэхуэс махуитIкIэ екIуэкIам. Къыхэгъэщыпхъэщ абы и лэжьыгъэр **адыгэбзэ защIэкIэ зэрекIуэкIар**. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм ди анэдэлъхубзэр зэрытхъумэжыфынумкIэ гугъэ уагъэщI. ЩIэныгъэрылажьэ цIыхубз Iущ гуэрым зэрыжиIауэ, ***«бзэр щIэкIуэдыр ар зезыхьэр зэрымащIэр аракъым, зыщIэхэр зэрыримыпсалъэр аращ армыхъумэ».***

Анэдэлъхубзэм къыпэщылъ Iуэхугъуэхэм, абы и тхыкIэхэр зэрыщытым, ди тхэпкъылъэхэм (алфавитхэм) яIэ дагъуэхэм, зэхуэдэ макъхэр зэхуэмыдэ хьэрфхэмкIэ зэратхым, зэхуэдэ дамыгъэхэм макъ зэхуэмыдэхэр къикIыу зэрызэрахьэм, - а псоми тепсэлъыхьащ зэхуэсым кърихьэлIахэр.

Ар къызэIуаха нэужь блыным кIырырагъэдзэурэ къагъэлъэгъуащ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэхэмрэ ныбжьымрэ елъытауэ я анэдэлъхубзэр зэращIэжым теухуа таблицэхэр. Пленарнэ зэIущIэшхуэм иужькIэ, лэжьыгъэм щыпащащ гупи 8-м. Абыхэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъым, бзэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, адыгэхэр щыпсэу къэралхэм ассимиляцэ лъэщ зэрыщекIуэкIыр, абы къыхэкIкIэ ди бзэр абыхэм щыкIуэдыжыпэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр.

Мелуани 7-м нэс щыпсэууэ зыхуагъэфащэ Тыркум, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ адыгэбзэ зыщIэжу исыр мин щих хуэдизщ. Адыгэ 5000 хуэдиз фIэкIа зэрымыс Израилым ассимиляцэр щынэхъ мащIэ дыдэми, адыгэбзэр къэрал IуэхущIапIэхэм къызэрыщамыгъэсэбэпым къыхэкIыу бзэр щахъумэф къудей мыхъумэ, абы зрагъэужьыфыну Iэмал щыIэкъым.

Хэкужьми адыгэбзэр къэралыбзэу щыщыт пэтрэ, ар IуэхущIапIэхэм, технологие, щIэныгъэ, политикэ Iуэхухэм щызэрахьэркъым. Адыгэбзэр хъумэнымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ дунейм тет адыгэ псоми ди гугъапIэу щыт адэжь щIыналъэм анэдэлъхубзэкIэ екIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхухэр нэхъ кIащхъэ зэрыщыхъур хуабжьу ди жагъуэщ икIи абы дегъэпIейтей. Дыхуейт а Iуэхур хэкужьым щрагъэфIэкIуэну, зэрырагъаджэ сыхьэт бжыгъэхэр нэхъыбэ щащIыну, 1960 гъэм и пэкIэ зэрыщытам хуэдэу, пэщIэдзэ еджапIэм и япэ илъэс зыбжанэм предмет псори анэдэлъхубзэкIэ щаджу ящIыжыну. Абы анэдэлъхубзэр хъумэнымкIи егъэфIэкIуэнымкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэм и мызакъуэу, щIэблэщIэр нэхъ Iущ, нэхъ гурыхуэ, нэхъ зэфIэкI иIэ хъунымкIи, хэкIуэдэжыпэнкIэ шынагъуэр зыщхьэщыува хэхэс адыгэм я гур мыкIуэдынымкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэм шэч хэлъкъым.

Анэдэлъхубзэм зэджэр унагъуэм щызэрахьэурэ щызрагъащIэ бзэр аращ. Нобэ дызыхэт дунейр къапщтэмэ, унагъуэр и быным анэдэлъхубзэ иригъэщIэну, зэрыхуейуэ игъэсэну пэмылъэщыж мэхъу. ЦIыхубэр зэлъэзыгъэIэс Iэмэпсымэхэм, технологием, интернетым сабийхэр унагъуэ кIуэцIыми «гъэру» щаIыгъщ. Абы къыхэкIкIэ анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэщIэн къалэныр и закъуэу унагъуэм и пщэ дэплъхьэ хъуну щытыжкъым. Къэралыр щIэгъэкъуэн хуэмыхъумэ, гулъытэ лей хуимыщIмэ, зи цIыху бжыгъэкIэ мащIэ лъэпкъхэм я бзэхэр, убыхыбзэм хуэдэу, дунейм текIуэдыкIыжыпэнкIэ шынагъуэщ.

Цивилизацэр здынэса лъагапIэм идэркъым лъэпкъ цIыкIухэм я бзэр, я хабзэр, я щэнхабзэр бгъэкIуэдыну. ЩIыхь ин зыхуащIхэр апхуэдэ лъэпкъхэр щызыгъэIэ, зыгъэпсэу, абыхэм гулъытэ лей яхуэзыщI, нэхъ щIэгъэкъуэн яхуэхъу къэралхэрщ. Дэтхэнэ зы адыгэми ди къалэнщ ди анэдэлъхубзэр дгъэпсэуну, щыдгъэIэну, зедгъэужьыну, къэкIуэну лIэщIыгъуэхэм нэтхьэсыну. Гулъытэ лей абы къызэрыхуамыщIыр ди щхьэусыгъуэу ди анэдэлъхубзэр зыIэщIэдгъэху хъунукъым, ди адэшхуэхэм, тхыдэм, цIыхугъэм, цивилизацэм я пащхьэ апхуэдэ хуитыныгъи щыдиIэкъым. Анэдэлъхубзэр тхъумэн папщIэ, япэрауэ, унэми, уэрамми, лэжьапIэми - дэнэ щIыпIи ди анэдэлъхубзэкIэ дыщыпсэлъэн хуейщ. Сыт хуэдэ зэIущIэ, зэхуэс едгъэкIуэкIыу щытми Iэмал имыIэу адыгэбзэкIэ е адыгэбзэр хэту едгъэкIуэкIын хуейщ. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, сабийхэр анэдэлъхубзэкIэ еджэмэ, нэхъ Iущ, нэхъ гурыхуэ зэрыхъур зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым. Абы къыхэкIкIэ ди сабийхэр анэдэлъхубзэкIэ егъэджэным дыхущIэкъун, адыгэбзэ классхэр къызэIуахыным дыщIэлъэIун хуейщ.

Ди бзэр хъумэнымкIэ алфавитми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Зы адыгэм итхам адрей адыгэр къемыджэфыныр тхьэмыщкIагъэщ. Зы лъэпкъым и цIыхухэр абы нэхъ зэпэжыжьэ зэрищIым и мызакъуэу, хэхэс адыгэм и гугъапIэри екъутэ, Хэкужьым щызэрахьэ тхэпкъылъитIыр зэхуэдэ е зэпэгъунэгъу щIын хуейщ.

Сэ сызэреплъымкIэ, лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэлажьэ сыт хуэдэ зэхыхьэри дэIыгъыпхъэщ.

ХЪУАЖЬ Фахъри,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Дахэпсынэ и лIыхъужьхэр

Къутыр кIуэдыжам и хъыбар

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 20 гъэхэм къэралым щекIуэкIауэ щыта щIы политикэм ипкъ иткIэ, ди республикэм и адыгэ къуажэшхуэхэм унагъуэхэр кърагъэIэпхъукIыурэ щIы Iэнэщ Iхэм ирагъэтIысхьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэунэхуауэ щытащ Джэрмэншык (Щхьэлыкъуэм къытекIауэ), Шытхьэлэ (Кэнжэмрэ Къэхъунымрэ къатехъукIауэ), Дахэпсынэ (Нартаным щыщу) жылэщIэхэр, нэгъуэщIхэри.

КЪУАЖЭХЭМИ, цIыхухэм хуэдэу, езыхэм я гъащIэ, я тхыдэ яIэжщ. Языныкъуэхэр лъэ быдэкIэ мэуври, щIэблэхэр къащIэхъуэу, заузэщIу мэпсэу. Адрейхэр нэхъ гуащIэмащIэщи, лъэужьышхуи къамыгъанэу мэбзэхыж. Иужьрейхэм яхуэдэт «Дахэпсынэ» цIэр зыфIащауэ щыта ди жылэр. Картэхэм итыжкъым абы и цIэр, ауэ Дахэпсынэм и къекIуэкIыкIар ящIэж абы щыпсэуа унагъуэхэм. ЩымыIэж жылэм и цIэр итщ абы къыщалъхуахэм я паспортым. Жылэм и фэеплъыр яхъумэ абыхэм.

1926 гъэм и гъатхэпэм Нартан къуажэшхуэм къыдэIэпхъукIа унагъуэ 14 япэу щетIысэхащ «Дахэпсынэ» цIэр зрата щIыпIэм. Чёрная Речкэ къуажэм пэмыжыжьэрэ Шэджэмыпсыр Бахъсэн псы уэрым щыхэхуэжым и ижьрабгъу лъэныкъуэр псэупIэ япэу яхуэхъуахэщ Сибэчхэ, Тыкъуэхэ, Медалыхэ, Бжэмбейхэ я лъэпкъым щыщхэу Нартан къыдэIэпхъукIа унагъуэхэм. ГъащIэщIэр яфIэфIу къэзыщтахэр жыджэрагъышхуэ яхэлу яужь ихьащ жылэщIэм зрагъэужьыным, ар зыхуейзыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщыным. Къутырым щызэхыхьат мэкъумэш артель, псэупIэ унэщIэхэр, социальнэ мыхьэнэ зиIэ IэнатIэхэр щаухуэрт, гъуэгухэм зыщрагъэукъуэдийрт, унагъуэщIэхэр къыщыунэхурт, сабийхэр къыщалъхурт.

Апхуэдэ щытыкIэм итт жылэ цIыкIур, Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ. Дахэпсынэ къутырым щыщу Iэщэ зыIыгъыф псори - цIыхухъу 23-рэ - Iухьащ фронтым, Хэкур яхъумэжыну. Губгъуэ лэжьакIуэхэу дыгъуасэ щытахэр иджы хъуат зауэлI хахуэ. Хэти шуудзэм хыхьащ, адрейхэр лъэсыдзэм хэхуащ, ещанэхэри топгъауэ IэкIуэлъакIуэ хъуащ.

ЦIыхухъухэр фронтым Iутми, жылэм дэлъ Iуэху псори зэфIэхын хуейти, абыхэм яужь ихьащ Дахэпсынэм и цIыхубзхэмрэ лIыжь-фызыжьхэмрэ. Абыхэм IэпыдзлъэпыдзI яхуэхъурт сабийхэр. Фронтым къикIыу зэпэщимэ письмо зыгуэрым къыхуэкIуами, гуауэ зэрыт тхылъ жылэм къыдахьами, дахэпсынэдэсхэр зэуэ щызэхуэсырт ахэр къызыIэрыхьа унагъуэм, хъыбарыфIхэр зэдаIэтыну, гузэвэгъуэр зэдагуэшыну. Зауэм фызабэ ищIахэм ящыщщ Тыкъуэ Жанпагуэ, Медалыхэ Зилэ, Шэризэт, Досэ сымэ, АфIэунэ Лъостэхъан, Бекъул Хьэжгуащэ, Дол Дилэ, Куп ХьэкIуринэ, Урыс Сэху, Шэджэм Кулижан, Шыгун Кутэ, нэгъуэщIхэри. Хэку зауэшхуэм фронт щIыбагъым лэжьыгъэшхуэ щызыгъэхъея дахэпсынэдэс бзылъхугъэ куэдым иужькIэ хуагъэфэщащ къэралым къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр.

Къэралым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ я псэр ятащ дахэпсынэдэсхэу цIыхухъу 16-м. 1945 гъэм и ТекIуэныгъэр зылъагъуу я унагъуэхэм псэууэ къахуэкIуэжахэр цIыхуи 7 къудейщ: Тыкъуэ Жэмид, Медалы Мусэ, Къуныжьхэ ХьэзрэIилрэ ШытIэрэ, Хьэмыкъуэ ТIатIу, Урыс Мухьэжид, Шэджэм Хьэмзэт. Ахэр занщIэу пэрыувэжащ мамыр лэжьыгъэм: зауэм зэхикъута жылэр зэфIагъэувэжащ, Чкаловым и цIэр зезыхьэ хъуа я колхозыр зэпэщ ящIыжащ. Къутырым иджы щыпсэурт унагъуэ 48-рэ.

1953 гъэм къэралым щаублащ жылэхэмрэ щIыхэмрэ ятеухуа нэгъуэщI программэ иныр гъэзэщIэныр. Абы ипкъ иткIэ, колхозхэр зэгуагъэхьэрт, нэхъ лъэщ ящIу. Чёрная Речкэ урыс къуажэм и гъунэгъуу псэу Дахэпсынэр абы гуагъэхьэжащ. Бахъсэныпс уэрыр зэран къахуэхъуу къалъытэри, абы щыпсэу цIыхухэри а жылэм ягъэIэпхъуащ.

Дауи, гугъут уи унэ-лъапсэ къэбгъанэу щIыпIэщIэ аргуэру уIэпхъуэну, гуфIэгъуи гузэвэгъуи щыплъэгъуа пщIантIэхэр убгынэну, ауэ гъащIэр гъащIэщ, абы и унафэми фIэкIыгъуейщ...

Чёрная Речкэ къуажэр нобэ зызыужь, зызыузэщI жылэ Iумахуэщ. Дахэпсынэ къикIа лъабжьэ яIэу абы щопсэу унагъуи 100-м щIигъу. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Медалыхэ, Сибэчхэ, Тыкъуэхэ, Урысхэ, Шэджэмхэ, Долхэ, Шантыкъухэ, Хьэмыкъуэхэ, Хьэвжокъуэхэ, Къуныжьхэ, Мэтхэ, Купхэ, Къарэмырзэхэ, Бекъулхэ, Маргъущхэ, Шагъырбейхэ, АфIэунэхэ, Бжэмбейхэ, Къардэнхэ, Шыгунхэ. Къуажэдэсхэм я жэрдэмкIэ жылэм дащIыхьащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ. МафIэ мыужьыхым къыщхьэщыт а фэеплъым тетщ къуажэм щыщу ТекIуэныгъэ Иным зи псэр щIэзыта цIыху 84-м я цIэ-унэцIэхэр. Абыхэм ящыщщ Дахэпсынэ щыпсэуа, абы икIыу Хэку зауэшхуэм кIуа цIыху 16-ри: Iэулъэхэ Хьэсэнрэ Барэсбийрэ, АфIэунэ Iэмин, Бекъул ЖэбрэIил, Дол Адэлбий, Куп ТIэмашэ, Медалыхэ Хьэжбэчыр, Хьэзрэт, Шагъир сымэ, Пщыбий Хъусен, Сибэч Хъусен, Тыкъуэхэ Мухьэжидрэ Алихъанрэ, Урыс Мурадин, Шэджэм Хьэлым, Шыгун Хьэжмурат.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж зы илъэси къэмынэу накъыгъэм и 9-м къуажэдэсхэр щызэхуос. Абдеж щоIу зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуа усэхэр, уэрэдхэр. ЩIыхь къэрэгъулыр а махуэм ирахьэкI къуажэм дэт курыт школым и еджакIуэхэм. ТекIуэныгъэ Иным папщIэ зи псэр зытахэм я унэцIэхэр зытет фэеплъым Iэ щабэ далъэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, удз гъэгъахэри тралъхьэ, пщIэ хуащIу.

Зауэм хэтахэм ящыщу къуажэм иджыпсту дэсыжыр цIыхуитI къудейщ, щыIэжкъым абы фызабэ ищIахэри. Унагъуэхэм щахъумэ а илъэс гугъухэм я фэеплъ куэд. Ди нэхъыжьыфIхэм, зи лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, къарумрэ зэфIэкIымрэ ТекIуэныгъэ Иным хуэзыгъэпсахэм, я щапхъэм щIыдопIыкI къытщIэхъуэ щIэблэр. Абыхэм я фэеплъыр куэдрэ тхъумэнущ.

ТЫКЪУЭ Аслъэнбий.
Чёрная Речкэ къуажэ.

● Зэпеуэхэр

Гъуазджэм дихьэххэр

Псыхуабэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ лъэпкъ къафэхэмрэ хор гъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и кубокым и кIэух зэпеуэхэр. А IуэхугъуитIри лъэпкъ къафэхэмкIэ, хор гъуазджэмкIэ урысей чемпионатхэм хэтынухэр къыщыхах Iыхьэу аращ икIи иджы япэу Урысейм и федеральнэ щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIащ.

«САБИЙ ХОРХЭР» лIэужьыгъуэм щытекIуащ Налшык Сабий гъуазджэмкIэ и школ №1-м и «Глиссандра» хорыр. КъищынэмыщIауэ, лъэпкъ къафэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и кубокыр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа гупым - «Нальчанка» ансамблым. Апхуэдэу Урысей чемпионатым и финалым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу кIуащ «Кавказ пшэплъхэр», «Шагъдий», «Кавказ» сабий ансамблхэр.

Хор гъуазджэмкIэ КИФЩI-м и кубокыр Кавказ Ищхъэрэ хэгъуэгум и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ, нэхъапэкIэ щIыналъэм апхуэдэ щекIуэкIакъым. Хорхэм я унафэщIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ къыхагъэщащ зэпеуэр сыт и лъэныкъуэкIи нэгъэсауэ къызэрызэрагъэпэщар икIи а гъуазджэм Урысейм зыщегъэужьыным зи гуащIэ хэзылъхьэхэм фIыщIэ хуащIащ. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм зэрыжаIамкIэ, Москва къалэ щэкIуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм щекIуэкIыну чемпионатым и кIэух Iыхьэм хэтынухэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и гуп нэхъыфIхэрщ.

Къыхэдгъэщынщи, «Глиссандра» хорыр илъэс 35-рэ хъуауэ щыIэщ, абы ныбжьыщIэ 45-рэ хэтщ. Илъэс 25-рэ хъуауэ абы и унафэщIщ Хейфиц Еленэ. Сабийхэр жыджэру хэтщ къалэм щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм икIи цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуащ. Зэпеуэм зыхуагъэхьэзырынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ ныбжьыщIэхэм я адэанэхэмрэ «Газпром-межрегионгаз г. Пятигорск» ООО-мрэ. Школым и унафэщIхэм Iуэхур къадэзыIыгъахэм фIыщIэ хуащI.

ЖАНАТАЕВЭ Мадинэ.

● Школ хъыбархэр

Дэтхэнэ зыри

Налшык къалэ дэт 4-нэ гимназием иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр теухуат адыгэбзэм нобэ иIэ щытыкIэм. А Iуэхур ядиIыгъащ еджапIэм и унафэщI Нэгъуей Риммэ. Бзэм теухуауэ сабийхэм яIэ упщIэхэм жэуап нэс ягъуэтын мурадкIэ гимназием кърагъэблэгъат щIэныгъэлIхэу БакIуу Хъанджэрийрэ БищIо Борисрэ.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ еджапIэм и унафэщI Нэгъуей Риммэ. Я Iуэху къагъанэу, еджакIуэ цIыкIухэм я гукъыдэжыр даIыгъыну зэIущIэм къызэрекIуэлIам папщIэ абы фIыщIэ ин яхуищIащ щIэныгъэлIхэм.

- Дэтхэнэ зыри нобэ щыгъуазэщ адыгэбзэм и Iуэху зэхэмыбзым. Хэти жеIэ ди бзэр кIуэдыжу, хэти ирогузавэ къалэдэс сабийхэм бзэм иримыпсэлъэф, ар къызыгурымыIуэ куэду зэрахэтым. Адыгэбзэм еджапIэхэм щыхухах сыхьэт бжыгъэм иригулэзхэри мащIэкъым, - жиIащ унафэщIым. - Дэтхэнэми гу лъитэу къыщIэкIынщ къалэм дэс сабийхэм адыгэбзэу зэхахри къагъэсэбэпри зэрымащIэ дыдэм. Адыгэбзэ урокым щызэхихымкIэ сабийм щIэуэ куэд къищIэфынукъым, ар бзэм унагъуэм щримыпсалъэмэ, адэшхуэ-анэшхуэхэм ар къыдамыIыгъмэ. Абы ипкъ иткIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ щыдогъэкIуэкI гимназием. Адыгэ сабийуэ, ауэ и бзэр къыгурымыIуэу е иримыпсэлъэфу гимназием щIэсхэмрэ адыгэбзэр зыгъэшэрыуэхэмрэ зэхэдгъэкIащ. А къэпщытэныгъэхэр я лъабжьэу бзэм зегъэужьыным долажьэ.

«Адыгэбзэр кIуэдыжыр пэж?» - упщIэм сабийхэр ирогузавэ. АбыкIэ еджакIуэ цIыкIухэм ди щIэныгъэлIхэм зыхуагъэзащ. Адыгэу зызылъытэж дэтхэнэмкIи абы и жэуапыр хьэзырщ: бзэм и къэкIуэнур зэлъытар щIэблэрщ.

Гимназием сыт хуэдэ Iэмалри ярет и еджакIуэ цIыкIухэм: гъащIэм къыхыхьэ Iэмэпсымэщ Iэхэр, Интернетыр, нэгъуэщIхэри. ЕджакIуэхэм къахуэнэжыр зыщ - я бзэр, нэмысыр, хабзэр яхъумэжыныр щ.

Ди анэдэлъхубзэм теухуа усэхэр, уэрэдхэр щыIуащ зэхуэсым. Абы хэтахэм я нэгум иплъагъуэрт я анэбзэм хуаIэ лъагъуныгъэр, ар яхъумэн папщIэ ялъэкI къызэрамыгъэнэнур. 11-нэ классыр мы гъэм къэзыухыхэм къахэкIащ КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым и адыгэбзэ къудамэм щеджэну зи нэ къикIхэри.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

● ЩIэблэ

Джэрыджэ Каринэ куэд хузэфIокI

Бахъсэн къалэм Сабий творчествэмкIэ и унэм и гъэсэн, курыт еджапIэ №3-м щIэс Джэрыджэ Каринэ «Гъунапкъэ зимыIэ сабиигъуэ» дунейпсо фестивальзэпеуэм щытекIуащ. Пщащэ зэчиифIэм къыхуагъэфэщащ УФ-м и Президентым и грантыр.

КАРИНЭ и унафэщIщ Бахъсэн къалэм и сабий зэгухьэныгъэхэм я «Зэкъуэтыныгъэ» советым. Ар дехьэх гъуазджэмрэ журналистикэмрэ. Школым, гупжьей зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэхэр зэрыщиIэм и мызакъуэу, пщащэ цIыкIур жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру хэтщ. НэхъапэIуэкIэ Каринэ КъБР-м и сабий зэгухьэныгъэхэм яхэту «Орленок» зыгъэпсэхупIэм, «Лидер КБР-2012» лагерым, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм я еджакIуэхэм я зэфIэкIым зрагъэужьыным и IуэхукIэ Ставрополь къыщызэрагъэпэща зэхуэсышхуэм ягъэкIуащ.

ФIыр дунейм щытепщэн папщIэ

IуэхуфIым цIыхур егъэдахэ, и щхьэри и пщIэри лъагэ ещI. ФIы зыщIэм и гъуэгур сытым дежи зэIухащ, абыхэм я IуэхущIафэм берычэтыр къыдокIуэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэ цIыхухэр нобэрей ди гъащIэм щымащIэкъым. ЩытыкIэ гугъум къихутахэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуфхэр зэрыщыIэр дэ дгъэунэхуащ. Абыхэм зызыщIагъэкъуахэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иратыж.

АПХУЭДЭУ и цIэ къитIуэну дыхуейт илъэс куэд хъуауэ хузэфIэкIымкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъу, КъБР-м и Сабий фондым и гуащэ Умэ Светланэ. Ар сытым дежи жиIам тебгъуэтэж, зыпэрыт Iуэхур жэуаплыныгъэ пылъу езыхьэкI цIыхущ. ГущIэгъу хэлъу, дэтхэнэми и гукъеуэр зыхищIэу, и щхьэр езыхьэлIэм зэрыхъукIэ защIигъакъуэу, и гуапагъэр псоми ялъигъэсу апхуэдэщ Светланэ. И лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэригъэзащIэм, къэзыухъуреихьхэр и гулъытэ зэрыщимыгъащIэм папщIэ Светланэ фIыщIэ худощI икIи узыншагъэ быдэ иIэу, и IэнатIэм и хъер илъагъуу, и унагъуэм зэIузэпэщыгъэ илъу псэуну дохъуэхъу.

АдэкIэ газет напэкIуэцIыр къэдгъэсэбэпу фIыщIэ хуэтщIыну дыхуейт КъБР-м и Сабий фондым мылъкукIэ зыщIэзыгъакъуэ щIалэм. Абы и цIэр Рустемщ, Москва къалэм щопсэу. Аращ абы теухуауэ тщIэр. Рустем и цIэр игъэIуну хуейкъым, абы дежкIэ мыхьэнэ зиIэр щытыкIэ гугъум къиухута цIыхум зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми дэIэпыкъуныр щ. Мазэ къэскIэ ахъшэ къазэрыхуигъэхьым къищынэмыщIауэ, махуэшхуэхэм деж абы ерыскъыпхъэ зэхуэмыдэхэр унагъуэхэм яIэрегъэхьэ. А щIалэм и гулъытэр зылъыс унагъуэхэм дежкIэ абы мыхьэнэуэ иIэр къыпхуэмылъытэным хуэдэщ. И зэфIэкIым хэхъуэу, псапэ ищIэм узыншагъэрэ насыпрэ къыхудэкIуэжу псэуну дохъуэхъу Рустем.

Светланэ, Рустем хуэдэхэу псэ къабзэ зиIэ цIыхухэрщ гъащIэр зыгъэдахэр, апхуэдэхэр къытхэтыху фIыр дунейм щытепщэнущ.

ШОРЭ Жаннэ, БЫХЪУРЭ Маринэ, УЭДЫЖЬ Аринэ, ЛОКЬЯЕВЭ Фаризэт, IЭЗЫЧЭ Лерэ, ТАБЫХЪУ Еленэ, БЕЙТЫГЪУЭН Мадинэ.

Хэку зауэшхуэм и дамыгъэ лъапIэхэр

Зи Хэкур фIыуэ зылъагъу, щалъхуа щыналъэм папщIэ и псэрэ и къарурэ емыблэ, лъэпкъым телъ гугъуехьхэр щхьэщыхьным хуэжьджэр цIыху хахуэхэр сыт хуэдэ зэмани дамыгъэ хэIэтыкIакIэ ягъэлъапIэ. Совет къэралыгъуэм и ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэзыщIахэр къызэрыхигъэща орденхэм нэхъ пасэу ягъэуваи Хэку зауэшхуэм и зэманым къэунэхуаи яхэтщ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу тфIэигъуэщ ахэр дигу къэдгъэкIыжьыну.

Вагъуэ Плъыжь орденыр

ВАГЪУЭ Плъыжь орденыр ягъэувыныр 1930 гъэм къыхалъхьауэ щытащ. Ар зи Iэдакъэщ1экIыр сурэтыщI Куприянов Михаилрэ мывэIыщI Голенецкий Владимиррэщ. Орденыр хуагъэфащэр СССР-р хъумэныжьмкIэ зауэ зэманми мамыр лъэхъэнэми екъулIэныгъэ къззыгъэлъагъуэхэм: дзэм хэт зауэлIхэм, гуп хэгъэщхьэхукIахэм, зэуэным пыщIа кхъухьхэм, зэгухьэныгъэхэм, Iэхъущ1апIэхэм. А дамыгъэ лъапIэр хуагъэфащэрт хамэ къэрал зауэлIхэми. Вагъуэ Плъыжь орденыр дыжьыным къыхащIыкIырт. И теплъэкIэ лэч плъыжь зытегъэлъэдэ къуапитху вагъуэщ. И кум ит мэIум зауэлI фащэ зыщыгъ, пыIэ дыкъуакъуэ («буденновкэ») зыщхьэрыгъ, фоч зыIыгъ сэлэт тещIыхьащ. МэIум и хъуреягъкIэ «Дунейпсо гуащIэрыпсэуэхр фызэгухьэ!» къыхуеджэныгъэр ироклуэ. Нэхъапэм орденыр кIэстумым и сэмэгурабгъумкIэ хаIуу щытащ, 1943 гъэм ижьырабгъу зыэныкъуэм хаIуу къаублащ.

Хэку зауэшхуэм и кIыхьагъкIэ Вагъуэ Плъыжь ордену 2 860 000-рэ къыхагъэжькIауэ щытащ. Орден дамыгъэм и пIэкIэ ар зыхуагъэфэщам орден лентI зэрихьэныр хуитт. Ар миллиметр 24-рэ зи кIыхьагъ, миллиметри 5 зи бгъуагъ лентI плъыжь фIыщIафэт, и кум щхъуэуэ зы кусэ ирикIуэу. Ягъэ дыдэу орденыр зыхуагъэфэщар СССР-м и Маршал Блюхер Василийщ.

Бэракъ Плъыжь орденыр

БЭРАКЪ Плъыжь орденыр 1918 гъэм Граждан зауэр екIуэкIыу ягъэнэхуат. 1930 гъэм Лениным и орденыр кьыдагъкIыу яублэху, ар Совет къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу щытащ. Орденыр хуагъэфащэрт Хэкум папщIэ лIыгъэ къызэрымыкIуэ зезыхьа зауэлI зэгухьэныгъэхэм, къэрал Iуэхущ1апIэхэм. Ягъэщ1кIэ зэреджэу щытар «Бэракъ Плъыжьщ». А фIэщыгъэ дыдэр яIэу орденхэр Совет Союзым хыхь республикэхэми щаублауэ щытащ. 1924 гъэм абы СССР псом щызекIуэ «Бэракъ Плъыжь орден» фIащыну унафэ къаштащ. 1932, 1947 гъэхэм ар зыхуэфащэу яльытэхэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьа нэужь, орденыр 1980 гъэ пщIондэ яту къекIуэкIащ. 1944 гъэм щегъэжьауэ орденыр къытрагъаззуэрэ куэдым хуагъэфащащ. Псалъэм папщIэ, Сталин Иосиф Бэракъ Плъыжь орденыр щэнейрэ ираташ, Маршал Ворошилов Климент - тхуэнейрэ.

Лениным и орденыр

1926 ГЪЭМ Гъащ1эрыпсэухэмрэ Мэкъумэщыщ1эхэмрэ я Дзэ Плъыжьым (РККА) и унафэщI Левичев Василий къыхилъхьащ Бэракъ Плъыжь ордениплI зиIэм «Ильич и орденыр» ирату яублэну. Мурад хуащIам ипкъ иткIэ, а орденыр зауэлI Iэзагъым и дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэу къэралым щызекIуэнут. АрщхьэкIэ Урысейм щекIуэкI Граждан зауэр ихати, орденыщIэ кьагъэунэхун Iуэхур нэгъэса хъуакъым.

1930 гъэм и пэщIадзэм «Лениным и орден» зыфIаща дамыгъэщIэм елэжьын щIадзэжащ. «Госзнак» фабрикэм и лэжьакIуэхэм къалэн щащIащ Лениным и сурэтыр тету орденым теплъэ къыхуагупсысыну. Зыхэплъа псоми сурэтыщI Дубасов Иван къыхилъхьа дамыгъэр къыхахащ. Абы Коминтерним и ЕтIуанэ Зэхуэсу 1920 гъэм екIуэкIам Булло Карл Лениным щытроха сурэтыр тегъэщIапIэ ищIащ.

1930 гъэм орденым и теплъэр мывэIущIхэу Шадр Иванрэ Таёжная Ольгарэ и кIэм нагъэсыну пщэрылъ щащIи, а гъэ дыдэм дамыгъэр «Госзнак» фабрикэм къыщыщIагъэкIащ. 1943, 1947 гъэхэм къэралым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщIэ орденым и теплъэмрэ ар зыхуэфащэу къалъытэмрэ зэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр халъхьэжащ.

Лениным и орденыр къызыхащIыкIыу щытар дыщэрэ платинэрэщ. Иужьрейуэ ар щатар 1991 гъэращ.

Хэку зауэ орденыр

1942 ГЪЭМ Совет Союзым и Унафэщ1, Советыдзэм и пашэ Сталин Иосиф зэрыпхъуакIуэхэм езэуэнымкIэ хахуагъэ къызэгъэпэгъуахэр къызэрыхагъэщым дамыгъэщIэ утыку кърахьэну унафэ ищIащ. Iэхум елэжьыт суэрэтыщIхэу Дмитриев Сергейрэ Кузнецов Александррэ. Сталиным Кузнецовым ищIа сурэтыр къыхихащ, ауэ абы и Iэдакъэщ1экIым фIища «ЗауэлI хахуагъэм папщIэ» фIэщыгъэр ихуэжьрэ, Дмитриевым къыхилъхьа «Хэку зауэ» цIэм къытеувыIащ. Хэку зауэ орденыр зауэм и илъэсхэм къэнэжауэ япэ орденщ. Ар икIи лъапIагъ лIэужьыгъуитI зиIэ япэ совет дамыгъэщ.

Хэку зауэ орденыр иратырт Дзэ Плъыжьым, Тенджызым тет Дзэхэм, НКВД-м и дзэхэм сэлэт къыхэзрыгуэкIыуи нэхъыщхьэуи хэтхэм ящыщу псэемыблэжу зауэхэмрэ къэралыр зэрыпхъуакIуэм къегъэлыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэмрэ. Щхьэхуэу орденыр хуагъэфащэрт зауэ Iэнатlэм Iумыту хэкупсэ жыджэрагъ къэзыгъэлъэгъуахэм.

Япэу Хэку зауэ орденыр зыхуагъэфэщар 1942 гъэм Харьков и Iэгъуэблагъэм бийм и танк 32-рэ щыз3тезыкIуэта 776-нэ топгъауэ полкращ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм а орденыр щIыху куэд дыдэм кьалэжьат, куэд дыдэри ар дунейм ехыжахэм я щэкIи щата къэхъуащ. Зауэ Iэнатlэ Iумыгъэуи, къэралымрэ абы и щIыхубэмрэ жану защIэзыгъакъуэзэми хуагъэфащэрт ар. Псалъэм папщIэ, кхъухьлъатэрыщI Туполев Андрей, Iэщ1э лIэужьыгъуэщIэ кхъзыгупсысакэу Токарев Фёдор, Судаев Алексей, Симонов Сергей сымэ. Орденыр зыхуагъэфэщахэм ящыщт хамэ къэрал сэлэтхэри - Польшэм, Чехословакием щыщ зауэлI зэгухьэныгъэхэм, франджы кхъухьлъатэзехуэхэм, Инджылызым, США-м хуэдэу Совет Союзым и телъхьэу зауэ къэралхэм ящыщ дзэзешхэм.

1985 гъэм, ТекIуэныгъэр илъэс 40 щрикъум ирихьэлIэу, зауэм хэтахэр ираГъэлъэпIэну щIэрыщIэу кьыдагъэкIын щIадзэжауэ щытащ Хэку зауэ орденыр.

Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр нэрыбгъ мелуани 2,5-м хуагъэфэщауэ щытащ, етIуанэр - мелуани 6,7-м. Совет Союзыр зэрыпхъуакIуэм, 1992 гъэ лъандэрэ, орденыр ятыжыркъым, ауэ цIыхубэм я гугъуехьымрэ Хэку зауэшхуэм абы щишэча бэлыхьымрэ я дамыгъэу тхыдэм къыхэнащ.

Невский Александр и орденыр

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ и пэм къагъэунэхуа орденхэмрэ медалхэмрэ къэралым и тхыдэм фIыкIэ къыхэща хэкуIэ щ1эджащ1эхэм ятеухуауэ щытащ. Абыхэм я зы щапхъэщ Невский Александр и орденыр. 1942 гъэм зауэм и гуащIэгъуэт. СССР-м и европей лъэныкъуэр бийм Iэщ1элът. Совет цIыхубэм я гур яфIэмыкIуэдыпэн папщIэ, зыдэплъеипхъэ лIы хахуэхэр я нэгум къыщIэгъэхьэжьыпхъэт. Арати, Сталиным гуп щхьэхуэм унафэ яхуещI урыс дзэзешэ цIэрыIуэхэу Кутузов Михаил, Суворов Александр, Невский Александр сымэ я цIэхэр зезыхьэ орденхэр кьагупсысыну. Дамыгъэм и теплъэр илъэ тIощIрэ хырэ фIэкIа зи мыныбжь мывэIущI щIалэ Телятников Игорь зэригъэпэщыну и пщэ далъхьащ.

Орден къэс си цIэ зэрихьэм и сурэт тетын хуейт. Суворовымрэ Кутузовымрэ я сурэтхэр яIэт, ауэ Невский Александр и сурэт щыIэтэкъым. 1938 гъэм режиссёр Эйзенштейн Сергей Невскэм теухуауэ фильм игъэувауэ щытат. Арати, Телятниковым Игорь игу къэкIащ Невскэ-пщым и теплъэр а фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзащIэ Черкасов Николай трищыкIыну. Армырами цIыхубэм Невскэ-пщыр къызэрызыфIигъэщIыр Черкасовым и теплъэм итт. Ахъшэ къыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэрат орденыр къыхэзыгъэжри, абы и лэжьакIуэхэр лъэIуащ дамыгъэр тедзэгъуэфIэхъуэпапщIэ, зы Iыхьэ закъуэм хуагъэкIуэну. АрщхьэкIэ Телятниковым идакъым: орденыр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъмэ, зыхъ дахэ хъунут. Сталинри абы акъылэгъу дэхъуащ, ауэ бжыгъэшхуэ зэрыхуэныкъуэм къыхэкIыу, теплъэр нэхъ къыхэкIыгъуэфIэу ящIащ. Невскэм и сурэтыр, Черкасов Николай тращIыкIар, кьуапитху хъу вагъуэм и щIыIу тетт, бжьмкIэ бзийхэр къыкIэщIэкIыу. Орденым и гъунэм пасэрей урыс зауэлI Iэмэпсымэхэр ирикIуэрт: шабзэрэ шабзэшэхэмрэ, кьамэ кIыхь, джыдэ зэблэдза. КъаГъэсэбэпыр дыжьынрэ лэчрэт.

Хэку зауэшхуэм и кIуэцIым апхуэдэ ордену 42.000-м щIигъу къыщIагъэкIащ. Мы орденыр кьуатын папщIэ, хахуагъ къызэрымыкIуэ къэбгъэлъэгъуэн хуейт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зратыр ТекIуэныгъэм хуэпабгъэ щыщхьэмыгъазэ дыдэхэрат. Апхуэдэ щIыкIэу орденыр лъэпкъ дамыгъэ хъуауэ щытащ.

Невский Александр и орденыр хэгъэщхьэкIауэ офицерхэм яхухэха дамыгъэт, ауэ ар сэлэт къызэрыгэкIхэми, абыхэм бзылъхугъэ къахэхуэу, куэдрэ яратащ.

Зауэр ихха нэужь, илъэс зыбгъупщIкIэ орденыр зыми хуагъэфэщакъым, иужькIэ яублэкри 2005 гъэ пщIондэ ятащ.

КъищынэмыщIауэ, абыкIэ ягъэлъэпIат хамэ къэрал генералрэ офицеру 70, зауэлI зэгухьэныгъэу 1470-рэ хуит ящIащ ар я ныпым кIэращIэну.

Суворовым и орденыр

1942 ГЪЭМ советыдзэр щытыкIэ гугъу дыдэ ихуат. Тэнрэ Индылкlэ пхыкIа бийм иригъэкIуэту, Севастополь кьалэр ятыным нэсауэ, «ИкIуэтыпIэ диIэкъым!» унафэ ткIийр кьащтауэ щытащ. КъыкlэлъкIуэ махуэм зи гугъу тщы орденыр кьыдагъэкIыну къэрал унафэкIэ къабыл ящIащ.

Архитектор Скокан Пётр и Iэдакъэщ1экI а орденыр СССР-м и япэрей дамыгъэт, лъапIагъ лIэужьыгъуищ иIэу. Дзэзешэхэм хуагъэфащэ нагъыщэхэм абы нэхъ лъапIэ яхэтакъым. Ар Кутузовым и орденымрэ Невский Александр и орденымрэ ящIыгъуу ятын ыдат. Адрей дзэзешэ дамыгъэхэм мыр кьаэзрыщ1эщ1ыкIыр ебгъэрыкIуэныгъэ Iэзагъэр зэригъэнэхъапэмкIэт, зыхуагъэфащэри дзэ зэгухьэныгъэшхуэхэм я унафэщIэхэрт.

Суворовым и орденыр Дзэ Плъыжьым и командирхэм хуагъэфащэу щытащ я унафэ щIыкIэр ТекIуэныгъэр гъунэгъу зыщI Iуэху щхьэпэу кьыщалъытэхэм деж. Орденым и япэ нагъыщэр дзэшхуэхэм я унафэщIхэм, фронтхэм я нэхъыщхьэхэм е абыхэм я къуэдзэхэм, унэтIныныгъ щхьэхуэ зиIэ зауэлI зэгухьэныгъэ инхэм хуагъэфащэрт.

ЕтIуанэр зауэлI зэгухьэныгъэ нэхъ цIыкIухэм (корпусхэм, дивизэхэм, бригадзэхэм) я унафэщIхэм е абыхэм я къуэдзэхэм яхуэхат.

Ещанэр полкхэм, батальонхэм я командирхэм иратырт.

Суворовым и орденым и япэ нагъыщэр ижьырабгъу лъэныкъуэм хэIуэ дамыгъэ псоми япэ ирагъэщырт.

Япэ нагъыщэр платинэм, етIуанэр - дыщэм, ещанэр дыжьыным къыхащIыкIырт. Дамыгъэм и кум ит вагъуэ къуапитхум и бзийхэр лыду зэкIэщIэкIырт, и хъуреягъкIэ «Александр Суворов» цIэ-зэнэщIэр ирикIуэу. Дзэзешэ цIэрыIуэм и суртыр Уткин Николай 1818 гъэм игъэхьэзыра сурэтым тращIыкIыжат.

Мы дамыгъэр хуагъэфэщауэ щытащ дзэзешэ нэхъыщхьэу 23-м: Жуков Георгий, Василевский Александр, Воронов Николай, Мерецков Кирилл, Ватутин Николай, Говоров Леонид, Рокоссовский Константин, Малиновский Родион, Чуйков Василий, Толбухин Фёдор сымэ хуэдэхэм.

Кутузовым и орденыр

КУТУЗОВЫМ и орденыр лъагагъкIэ Суворовым и орденым кIэлъыкIуэ дзэзешэ дамыгъэ лъапIэщ.

1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьищтащ Кутузовым и орденым ещанэ нагъыщэри дыщIагъуну. Суворовым и орденым елытауэ, ар зыхьуэмэжьын Iэзагъым, дзэзешэ Iуэхущ1апIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм я мыхьэнэр егъэфIэкIуэным нэхъ хуэгъэпсат. Мы орденри «ИкIуэтыпIэ диIэкъым!» унафэм иужькIэ кьабыл ящIа дамыгъэ лъапIэхэм ящ.

Кутузовым и орденым и япэ нагъыщэр япэ дыдэу 1943 гъэм дзэзешэ 17-м хуагъэфащауэ щытащ. Абыхэм ящыщт Кавказ Ищхьэрэр хуит къэзыщIыжахэм я пашэ, Армэм и генерал Тюленев Иван. Къищынэмыщ1ауэ, Кутузовым и орденыр хамэ къэрал офицери 100-м щIигъум хуагъэфэщат. УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и дафтэрхэм къызэрыкъэщыжьмкIэ, 2014 гъэм ирихьэлIэу Кутузовым и орден 311-рэ ираты хунэмысауэ кьэнащ.

И теплъэкIэ Кутузовым и орденыр си бзийжэ зэкIэщIэкI дыщэ вагъуэ кьуапитхущ. Вагъуэм и кум ит хъурейр лэч хужькIэ щIэгъэнащ, и къэухым екIуэкI къудамэ зэхэухуэнахэм лентI плъыжь елэжIауэ. Хъурейм и кум Кутузов Михаил и суртэр итт, кьуапитху хъу вагъуэ плъыжь зыщхьащт Кремль чэщанэр и щIыбым къыдэту. Суртым и хъуреягъкIэ «Михаил Кутузов» цIэ-зэнэщIэр зи кьуапэжэм дыщэпс ирикIуэ лентI хужьым дыщэпскIэ тетхащ. Кутузовым и орденым и япэ нагъыщэм дыщэу грамм 19-м щIигъу, дыжьыну грамм 18-м щIигъу хэлът. ЕтIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр зэрыщыту дыжьыным къыхэщIыкIат.

Кутузовым и орденыр 1992 гъэ пщIондэ яту кьекIуэкIащ.

«ТекIуэныгъэ» орденыр

1943 ГЪЭМ дунейм къытехьа «ТекIуэныгъэ» орденыр дзэм и унафэщI нэхъ лъагэхэм иратырт, ящIа унафэм ипкъ иткIэ Дзэ Плъыжьыр зэрыт щытыкIэрefIэкIуауэ кьалъытэмэ.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху «ТекIуэныгъэ» орденыр 19 ятащ: тIэунейрэ ар хуагъэфэщащ Совет Союзым и генералиссимус Сталин Иосиф, СССР-м и Маршалхэу Жуков Георгий, Василевский Александр. Зэрызэ орденыр кьахьащ Маршалхэу Конев Иван, Рокоссовский Константин, Малиновский Родион, Толбухин Фёдор, Говоров Леонид, Тимошенкэ Семён. Мерецков Кирилл ар хуагъэфэщат Японием зэрыщIэзуам папщIэ. Апхуэдэ дыдэу орденыр тыгъэ хуащIат хамэ къэрал щыщ дзэзешэу тхум. Орденым грамм 78-рэ и хьэлъагът: платинэу - грамм 47-рэ, дыщэу - грамми1, дыжьыну грамм 19 хэлът.

ЩIыхьым и орденыр

ЩIЫХЬЫМ и орденыр, лъапагъ лIэужьыгъуиц зиIэр, 1943 гъэм дунейм къытехьат. Зэуэ къабыл ящIат абы дыщIагъуну лентIым и фэри - ар пащтыхь Уэрсейм дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу иIа Георгий Ауущым и орденым зэрихьэу щыта къэбыфэмрэ фIыцIэмрэт. Ягъэ нагъыщэр дыщэт, етIуанэмэрэ ещанэмэрэ - дыжьынхэт. Мы дамыгъэр зауэ губгъуэм хахуагъ къыщIэзыгъэлъэгъуа дэтхэнэ нэрыбгъми кьилэжьыфынут. Абыхэм хабжэрт, псалъэм папщIэ, бийм и хэщIапIэм мышынэу ебгъэрыкIуар, лъыгъажэм хэту ныпыр зыхъумар, командиру кьезыгъэлар, езым иIыгъ Iэщ1эмкIэ бийм и кхъухьлъатэ кьезыудыхар, е бийуэ щэ ныкъуэм нэс зыукIыфар, нэгъэщIэрэ.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху ЩIыхьым и орденым и ещанэ нагъыщэу мелуаным нэс, етIуанэу - 46 000-рэ, япэу - 2600-рэ ятауэ щытащ.

Хмельницкий Богдан и орденыр

1943 ГЪЭМ Советыдзэм Украинэр хуит къищIыжыну зигъэхьэзырырт. Украин лъэпкъым я хэкуIцIэрыIуэм, дзэзешэ щыпкъэм и орден кьыдагъэкIыну цIыхуищым ягу къэкIауэ яльытэ: Япэ Украин фронтым и унафэщI Хрущёв Никитэ, кинорежиссёр Довженкэ Александр, усакIуэ Бажан Миколэ. Орденым и япэ нагъыщэр дыщэм, етIуанэмэрэ ещанэмэрэ дыжьыным къыхащIыкIыу щытащ. Хмельницкий Богдан и орденыр хуагъэфащэрт Дзэ Плъыжьым и командирхэмрэ и зауэлIхэмрэ, къищынэмыщIауэ, ар иратырт совет щыпкъэлъэр бийм къыIэщIахыжьын папщIэ партизану зэуэхэм.

Псори зэхэту Хмельницкий Богдан и ордену минийм щIигъу ятащ: апэ нагъыщэу - 323-рэ, етIуанэу - 2400-рэ, ещанэу - 5700-рэ. ЗауэлI зэгухьэныгъэ миным щIигъум ар гуп саугъэту хуагъэфэщащ.

Нахимов Павел и орденыр

1944 ГЪЭМ гъатхэпэм и 3-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «ЗауэлI орденхэр кьыдэгъэкIынымкIэ» унафэ къищтащ: «Ушаков Фёдор-адмиралым и орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэмрэ Нахимов Павел-адмиралым и орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэмрэ».

Нахимовым и орденыр хыдзэлIкIэм тенджыз щIылум щызэрахьэ лIыгъэм папщIэ яту щытащ: езыхэм зыри кьащIымыщIу, бийм хэщIыныгъэшхуэ иратамэ, е абы и зэпыщIапIэ Iэмалхэм зэран яхуэхъуфамэ.

Ушаков Фёдор и орденыр



1944 ГЪЭМ яту яублэ Ушаков и орденыр Нахимовым ейм нэхърэ нэхъ лъагэт, апэ нагъыщэр - платинэм, етIуанэр - дыщэм къыхэщIыкIауэ. Орденым и теплъэм кърагъэщтащ революцым и пэкIэ Урысей хыдзэлIхэм я ныпым и дамыгъэу щыта хужь-щIыхуфэр.

Ушаковым и орденыр кьалэжьыт бжыгъэкIэ нэхъыбэ биидзэм хэщIыныгъэ езытыфахэм: зауэзэрыпIэр Iэмал имыIэу хы щIыIум щекIуэкIын хуейт, бийм и кхъухьэр е нэгъуэщI зэрызекIуэ и Iэмэпсымэхэр щызэтракъутэу.

Псори зэхэту Ушаковым и орденым и япэ нагъыщэр 47-рэ ятауэ щытащ, етIуанэр - 194-рэ. Хым тет дзэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу 13-м ар я ныпым фIэлъщ. Иужьрейуэ орденыр щатар 1968 гъэращ.

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьыс секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 42-37-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору Щхьэщэмыщ1 Изэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Мариэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейц сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №433